# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–04 फरवरी 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में आवास आ शहरी नियोजन विभाग के अधिकारियन के साथे समीक्षा बइठकी कइलें। एगो रिपोर्ट–

***मुख्यमंत्री ने लम्बित आवासीय एवं व्यावसायिक आवंटनों के त्वरित निस्तारण के लिये अधिकारियों को एकमुश्त समाधान योजना–ओटीएस–दो हजार छब्बीस लागू करने के निर्देश दिये। श्री योगी ने निर्देश दिया कि योजना का स्वरूप मानवीय, न्यायसंगत और व्यावहारिक होना चाहिए। एकमुश्त भुगतान पर उपयुक्त छूट तथा किश्तों में भुगतान का विकल्प उपलब्ध कराया जाय। मुख्यमंत्री ने कहा कि सभी पात्र आवंटियों तक योजना की जानकारी पहुंचे, इसके लिये व्यापक प्रचार–प्रसार भी किया जाय। इस बात का भी ध्यान रखा जाय कि पूरी प्रक्रिया ऑनलाइन और पारदर्शी हो। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि लखनऊ में आयोजित बइठकी में सिंचाई आ जल संसाधन विभाग के कार्य क समीक्षा कइलें। बइठकी के दौरान मुख्यमंत्री सम्भावित बाढ़ि आ ढेरे बरखा के चुनौतियन के ले के पुरहर तइयारी आ परभावी समन्वय पर जोर दिहलें। एगो रिपोर्ट–

***मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने कहा है कि जितनी बेहतर तैयारी होगी, उतनी ही तेजी और सफलता से बाढ़ और अतिवृष्टि की चुनौती का समाधान किया जा सकेगा। उन्होंने सभी तटबन्धों, ड्रेनों और संवेदनशील स्थानों की समयबद्ध मरम्मत, सुदृढ़ीकरण और निगरानी को अनिवार्य बताते हुए कहा कि सभी तटबंधों और बैराजों पर रियल–टाइम मॉनिटरिंग सुनिश्चित की जाए। ड्रोन–मैपिंग, वॉटर लेवल सेंसर और स्थानीय प्रशासन के साथ समन्वय को और मजबूत बनाया जाए। मुख्यमंत्री ने कहा कि जहां कहीं भी नदी की मेन स्ट्रीम में सिल्ट की अधिकता हो, नदी उथली हो, वहां ड्रेजिंग को प्राथमिकता दी जाए और नदी को चैनलाइज किया जाए। यदि ड्रेजिंग से समाधान होना सम्भव न हो, तभी तटबंध और कटान निरोधी अन्य उपायों को अपनाया जाए। समाचार कक्ष से विवेक सिंह।***

**********

प्रदेस क उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य केन्द्रीय बजट–दुइ हजार छब्बीस–सत्ताईस के विकास–उन्मुखी बजट बतवले हवें। आजु कौशाम्बी में एगो प्रेस वार्ता में उहां के कहलीं कि ई बजट गरीब, कल्याण, उत्तम स्वास्थ्य सेवा, कृषि विकास आ इंफ्रास्ट्रक्चर सुदृढ़ीकरण के समरपित बा। श्री मौर्य कहलें कि सर्वसमावेसी आ आत्मविस्वास से भरल ई बजट समाज के हर वर्ग क अपेक्षा के पूरा करे ला।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी लोगिन से सुक्क के परीक्षा पे चर्चा कार्यक्रम के देखले क आग्रह कइले हवें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में प्रधानमंत्री कहलें कि नौजवानन के साथे बातचीत कइल ऊर्जा से भरल रहल। उहां के परीक्षा देवे वाले लोगिन से बिना तनाव के परीक्षा दिहले, चुनौतियन से निपटले के ब्यौहारिक तरीका अपनावे, तालमेल बनावे आ आपन भरोसा बढ़वले पर जोर दिहलीं।

**********

केंद्रीय वाणिज्य, उद्योग आ सूचना प्रौद्योगिकी राज्यमंत्री जितिन प्रसाद एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि यूरोपियन यूनियन–ईयू क सत्ताईस देसन के साथे फ्री ट्रेड अउर अमेरिका के साथे मजबूत साझेदारी **नया भारत** क सक्ति के दरसावे ला। एक सौ चालीस करोड़ भारतीयन क आकांक्षा अब देस के, दुनिया के साथे बराबरी में खड़ा कइ रहलि हौ। उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में भारत ग्लोबल साउथ क आवाज बनि के ई सुनिस्चित कइ रहल हौ कि तकनीक क लाभ सबके बराबर मिले।

**********

आजु विस्व कैंसर दिवस हवे। येह मौका पर प्रदेस के कई जिलन में जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कइल जा रहल बा। आजु वाराणसी के काशी हिन्दू विश्वविद्यालय के सुन्दरलाल चिकित्सालयो में एगो कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल। एहमें बिसेसज्ञन की ओरि से येह रोग क रोकले आ लक्षणन क पहिचान के बारे में उपयोगी जनकारी दीहल गइल। वक्ता लोगि कहलें कि स्वस्थ जीवन सैली, नियमित जांचि आ टीकाकरण से कैंसर के खतरा के ढेरे कम कइल जा सके ला। जनकार, सर्वाइकल आ ब्रेस्ट कैंसर के बारे में लोगिन के जागरूक कइले पर जोर दिहलें।

**********

उत्तर प्रदेश पुलिस भर्ती आ प्रोन्नति बोर्ड राज्य पुलिस बल में कांस्टेबल सिविल पुलिस अउर समकक्ष पदन क बत्तीस हजार छौ सौ ओन्यासी सीधी भरती बदे लिखित परीक्षा के तारीख क घोसणा कइ दिहले हौ। जारी अधिसूचना के मोताबिक लिखित परीक्षा आठ, नौ आ दस जून दुइ हजार छब्बीस के रोजाना दुइ पाली में आयोजित कइल जाई। बोर्ड ओम्मेदवारन के नियमित रूप से अपडेट बदे अपने आधिकारिक वेबसाइट पर गइले क सलाहि दिहले हौ। परीक्षा से जुड़ल सज्जो निरदेस खाली अधिकृत पोर्टल के जरिया से ऑनलाइन उपलब्ध करावल जाई।

**********

मौसम विभाग प्रदेस के पूरबी जिलन में आजु आ बिहने मौसम सुस्क रहले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक येह इलाकन में आजु कुछु जगहिनि पर घना से ले के ढेरे घना कुहेसा परले क सम्भावना बा। सथहीं येही इलाकन में बिहने कहीं–कहीं घना कुहेसा क येलो अलर्टो जारी कइल गइल बा।

**********